**Mbootaay miy toppatoo mbirum yoon ak atte ci reewu Niw York** fas na yééne yombal taxawaayu képp kuy ñëw ci bërëp yi ñuy attee yoon ak liggééyukaay yiy taxawu yoon ak atte. Seetu ci nak ndax sa déégg-déé ggum Angale walla sa mbidum làkku Angale takkunaam déét.

**Yan enterpret ñoo am ci mbootaay miy toppatoo mbirum yoon ak atte ?**
Mbootaay miy toppatoo mbirum yoon ak atte am na ay enterpret yu fay liggééye yuy wax làkk yii: làkku Albani, làkku muuma yi, làkku Araab, l àkku Bengaal, làkku waa Kantong, làkku waa Krowaat, làkku tubaab, là kku waa Gres, làkku waa Ayti, làkku Yewuud yi,
làkku Endu, làkku waa Itaali, làkku waa Sappong, làkku waa Kore, làkku Mandarin Sinwaa, làkku waa Poloñ, làkku waa Punjaab, làkku waa Romaani, làkku waa Risi, làkku waa Serbi, làkku waa Espaañ, làkku Urdu, ak làkku Wolof.

**Su fekke ne bërëbu attekaay bi amul enterpret bu fay liggééye,** mbootaay miy toppatoo mbirum yoon ak atte dina ut ay enterpret yu déé gg làkku bitimrééw walla ay enterpret yu mën làkku muuma. Su boobaa dina woo enterpret yuy liggééyal seen bopp walla mbootaay ya leen yilif.

**Ku am soxla walla ay lààcte yu jëm ci mbirum enterpret ci bërëbu attekaayi fa la wara dem?**
Bërëp biy toppatoo mbirum enterpret yi ci mbootaay miy toppatoo mbirum yoon ak atte mooy taxawu attekaayi ci lu jëm ci sotti làkk yi, ci ni mu gënë gaawee, ci ni mu gënë setee, ak ci ni mu gënë takkoo. Mooy seet itam ndax liggééyu enterpret mu ngi jaar ci niñ ko tërëlé. Mooy toppatoo itam mbiru njangale ak lépp lu jëm ci mbiru sotti làkk ci attekaay yi.

**Képp ku am soxla walla lààcte** yu jëm ci mbirum enterpret ci attekaay yi mënaa dem ci bërëp biy toppatoo mbirum enterpret yi. Di nañ ko tontu walla ñu dëktal ko ca ña war.

---

**Képp ku bëgga am ay xibaar yu gëna takku** mënaa bindë, walla mu yó bbante ci ordinaatëër, walla mu woote;


## OFFICE OF COURT INTERPRETING SERVICES

**OCA DIVISION OF COURT OPERATIONS**
**25 Beaver Street, 8th Floor, New York, New York 10004**
**(646) 386-5670 • courtinterpreter@courts.state.ny.us**
**InterpreterComplaints@courts.state.ny.us**